*Цæйут, æфсымæртау, радтæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№ 23 (25752)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

**2023 азы 9 феврал — æртхъирæны мæйы 9 бон, цыппæрæм** Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 ÆХСÆНАД *Æз дæр зæгъын мæ хъуыды*

3 МАЛУСÆГ *Фыстæг салдатмæ*

4 СПОРТИВОН ФИДИУÆГ *Волейбол*

**Хицауады уынаффæйæ**

## Уæлæмхасæн æххуыс — сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæн

**РЦИ-Аланийы Хицауад уæлæмхасæн 30 милуан сомы бæрц радих кæндзæн, сæрмагонд æфсæддон операцийы чи архайы, уыцы адæм æмæ сæ бинонтæн æххуысæн.**

Уый тыххæй фехъусын кодта Цæгат Ирыстоны Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ.

Пресс-службæйы минæвары ныхасмæ гæсгæ, амынд фæрæзтæ комкоммæ лæвæрд æрцæудзысты Фæллой æмæ социалон рæзты республикон министрадæн. Ацы ведомствæйы бæрны уыдзысты æфсæддон операцийы архайæг службæгæнджытæ æмæ сæ бинонтæн уæлæмхасæн æххуысы фарстатæ.

Хицауады уынаффæйы куыд загъд ис, афтæмæй ацы фæрæзтæй сæрмагонд фиддонтæ лæвæрд цæудзысты, æфсæддон операцийы чи фæмард, уыцы службæгæнджыты бинонтæн, стæй цæфтæ чи байййæфта, уыцы бархионтæ æмæ æфсæддонтæн.

Уымæй уæлдай, Хицауады уынаффæйæ иуæй-иу ивддзинæдтæ хаст æрцыдысты, сæрмагонд æфсæддон операцимæ кæмæ фæсидтысты, уыцы адæмæн социалон зæрдæдарæнтæ дæттыны фæткмæ дæр. Зæгъæм, иуæй-иу социалон пособитæ ныр дæтдзысты сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджыты бинонтæн дæр.

**Нæ уацхæссæг**

**Нымæцтæ**

## Национ проекттæ — цардмæ

**2022 азы фыццаградон национ проекттты уагæвæрдтæ æххæст кæнынæн Цæгат Ирыстоны нысангонд уыд 12 миллиарды æмæ 175 милуан сомы бæрц.**

Амынд фæрæзтæй 9 миллиарды æмæ 792 милуан сомы уыдысты федералон бюджеты хай.

Азы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, пайдагонд æрцыд амынд фæрæзты 99,5 процентæй. Æхцайы 0,5 проценты сфæстауæрц кодтой, конкурсон процедурæтæ æмæ æндæр организацион мадзæлттæ аразгæйæ.

**ГУЫРИАТЫ Хъазыбег**

**Регионалон бастдзинæдтæ**

# Мæскуыйаг дохтыртæ рынчын сывæллætты уавæр раиртасдзысты

**Ацы бонты Цæгат Ирыстоны кусæг балцы сты Мæскуыйы академик Н. П. Бочковы номыл медикон-генетикон наукон центры специалисттæ. Зындгонд æмæ дæсны мæскуыйаг дохтыртæ консультацион фембæлдтытæ кæнынц, гуырдзæй рахæсгæ низтæ кæй тыхсын кæнынц, уыцы сывæллæттæ æмæ сæ ныййарджытимæ.**



Мæскуыйаг специалистты къорды сты наукон центры директоры хæдивæг, профессор, медицинон наукæты доктор **Ренæ Зинченко**, медицинон наукæты кандидат, офтальмолог **Виталий Кадышев**, медицинон наукæты кандидат, генетик **Айсылу Муртазина** æмæ дохтыр-педиатр **Артем Боровиков**.

Æххуысхъуаг адæмæн медицинон консультацитæ кæныны размæ наукон центры делегацийы уæнгтæн сæрмагонд фембæлд уыд РЦИ-Аланийы æнæниздзинад хъахъхъæнынады министр **Тебиаты Сосланимæ**. Уым бæлвырд ныхас рауад мæскуыйаг наукон центр æмæ республикæйы медицинон кусæндæтты дарддæры æмархайды нысантыл.

Академик Н. П. Бочковы номыл медицинон центр æмæ Цæгат Ирыстоны Æнæниздзинад хъахъхъæнынады министрад æмгуыстады бадзырд бафыстой 2017 азы. Уæдæй нырмæ мæскуыйаг центры специалисттæ иу æмæ дыууæ хатты нæ уыдысты Дзæуджыхъæуы, иу æмæ дыууæ рынчын адæймагæн нæ баххуыс кодтой...

Æмæ та ацы бонты дохтыртæ сæ хæрзаудæн архайд адарддæр кодтой. Ацы хатт Дзæуджыхъæуы уыдзысты 10 февралы онг. Куыд нысангонд цæуы, афтæмæй мæскуыйаг специалистты консультацитæ бабæрæг кæндзысты 600 сывæллонæй фылдæр. Уыимæ, рынчынты уавæр рабæрæг кæнынæй уæлдай, сывæллæтты ныййарджытæн амындддзинæдтæ ратдзысты дарддæры архайды фæдыл.

**ДЖИХАТЫ Стэллæ**

**Æртæвæрсыг къамисæй**

## Медицинон æркастытæ, скъоладзауты фæлладуагъд

**Цæгат Ирыстоны Фæллойадон ахастытæ нывыл кæныны республикон æртæвæрсыг къамисы æмбырд скодта РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис.**



Дæсныйадимæ баст низтæ æмæ кусджытæн организациты мидæг медицинон æркастытæ скæныны тыххæй радзырдта æнæниздзинад хъахъхъæнынады министр **Тебиаты Сослан**. Йæ ныхæстæм гæсгæ, уæззау, адæмæн тæссагдзинæдтæ хæссæг уавæрты кусæг адæмæн медицинон æркастытæ кæнын у хъæугæ æмæ ахсджиаг. Уый фæрцы низтæ афтæ арф нæ хиздзысты адæймаджы буары. Куыстдæттæг йæхи хардзæй хъуамæ адæмæн медицинон æркастытæ кæна.

Фарон республикæйы медицинон кусæндæттæ æркастысты 13 мин адæймагæй фылдæрмæ. Республикæйы профпатологийы центр байгом кæнынæн алцыдæр ис. Фарстайыл бакусыны тыххæй уал фыццаг кварталы финансон фæрæзтæ банымайдзысты, кусæндонмæ кæй райсдзысты, уыцы дохтырты та уал хъæуы сахуыр кæнын.

Дзанайты Барис бахæс кодта центры сконд банымайын, йæ ахадындзинад ын сбæрæг кæнын, уый фæстæ куырдиат федералон центрмæ арвитын. Уымæй уæлдай ма кусæг адæмæн медицинон æркастытæ фылдæр кæнын бафæдзæхста. Дæрддзæф хъæуты чи цæры, уыдонмæ та цæугæ медицинон комплекстæ арвитын.

"Фарстамæ къæрцхъус у республикæйы Сæргълæууæг Сергей Меняйло. Ис нæм цæугæ медицинон комплекстæ. Хъуамæ æппæт республикæйыл аххæссæм.

Нæ бон у уæлæмхасæн комплекстæ райсын, Уæрæсейы Æнæниздзинад хъахъхъæнынады министрадимæ нын бадзырдтæ ис. Куыстдæтджытæ æмæ кусджыты 'хсæн æмбарынгæнæн куыст кæнут, хъуамæ фæллойы æдасдзинады домæнтæ æххæстгонд цæуой. Афойнадыл медицинон æркаст скæнынимæ баст у республикæйы кусæг адæмы æнæниздзинад. Фарста тынг ахсджиаг у æмæ йæм уæ хъус æппынæдзух дарут", — загъта Хицауады Сæрдар.

Фæллой æмæ социалон рæзты министр **Айдарты Алинæ** радзырдта, фарон сæрды æнахъомты дзæбæхгæнæн кампани куыд ацыд, уый тыххæй. Республикон бюджетæй сывæллæтты фæлладуагъдæн радих кодтой 180 милуан сомæй фылдæр.

Сæрдыгон фæлладуадзæн кампанийы архайдтой 140 куыстуаты, уыдоны сæ фæллад суагътой 33 мин сывæллоны. Æндæраз сывæллæттæ уыдысты зынгæ къаддæр — 19 мины. Уæззау царды уавæрты уæвæг сывæллæттæн рæвдз сарæзтой фæлладуадзæн фадæттæ. Сидзæр, æнæ ныййарджыты æвджид баззайæг, сахъат уæвæг, æнæххæст æмæ æвæрæз бинонты сывæллæттæ дæр сæ фæллад суагътой.

**(Кæрон 2 фарсыл)**

**Хуссар Ирыстонæй**

# Инвестицион программæйы фæлгæты

**Хуссар Ирыстоны дарддæры социалон-экономикон райрæзтæн ахъазгæнæг инвестицион программæйы фæлгæты 2023 азы республикæйы куыст цæудзæн ахсджиаг инфраструктурон 18 объекты арæзтадыл.**

Уый тыххæй журналисттæн фехъусын кодта республикæйы арæзтады, архитектрурæ æмæ цæрæнуатон-коммуналон хæдзарады министр **Дзæгъойты Эдуард**.

Уыимæ, министры ныхасмæ гæсгæ, амынд 18 ахсджиаг объектæй 14 хъуамæ сцæттæ уой ацы аз. "Едысæй Цхинвалмæ донуадзæны, сывæллæтты рæвдауæндоны, бирæфатерон цæрæн хæдзæрттæ æмæ æндæр ахсджиаг социалон объектты арæзтады фæдыл подрядон бадзырдтæ ныридæгæн фидаргонд æрцыдысты. Хæстæгдæр рæстæг амынд объектты проектон-сметон документацийæн аргъгæнæг уыдзæн Уæрæсейы паддзахадон арæзтадон экспертизæйы службæ. Куыд нысангонд цæуы, афтæмæй мартъийы мæймæ æппæт организацион фарстатæ дæр лыггонд æрцæудзысты", — загъта Дзæгъойыфырт.



Министр куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй 2023-2025 азтæн инвестицион программæ фидаргонд æрцыд Уæрæсейы Федераци æмæ Хуссар Ирыстоны иумæйаг сæрмагонд хицауадон къамисы уынаффæйæ. Программæмæ бахастой социалон-экономикон райрæзты фæдыл алыхуызон 46 мадзалы (уыдоны нымæцы — 44 социалон объекты арæзтад дæр). Программæйы мадзæлттæ æххæст кæнынæн 3 азмæ дихгонд æрцæудзæн 3,5 миллиард сомы бæрц.

**(Информацион агентад "Спутник")**

**Фæллойадон къæлиндар**

## Бæрæгбонимæ бастæй...

**Фæллойы федералон агентад уæрæсейæгты зæрдыл æрлæууын кодта, Фыдыбæстæ хъахъхъæнæджы бæрæгбонимæ бастæй 23 февралæй 26 февралы онг фæлладуадзæн бонтæ кæй уыдзысты, уый.**

"Зындгонд куыд у, афтæмæй æрвылаз 23 февралы Уæрæсе бæрæг кæны Фыдыбæстæ хъахъхъæнæджы бон. Ацы хатт бæрæгбон æрхауд цыппæрæммæ æмæ, кæй зæгъын æй хъæуы, уыдзæн фæлладуадзæн бон. Уыимæ, федералон Хицауад йæ раздæры уынаффæйæ 2023 азы 1 январ, хуыцаубоны, фæлладуадзæн бон 24 февралмæ кæй рахаста, уый хынцгæйæ, февралы дæргъвæтин фæлладуадзæн бонтыл бафтыд ноджыдæр ма иу. Афтæмæй фæлладуадзæн бонтæ уыдзысты цыппæрæм, 23 февралæй — хуыцаубон, 26 февралы онг. Ацы уагæвæрд хауы, фондзбонон кусгæ къуыри кæмæн ис, уыцы адæммæ", — бафиппайдта Фæллойы федералон агентады минæвар.

Чиновникы ныхасмæ гæсгæ, æхсæзбонон кусгæ къуыри кæмæн ис, уыцы адæмæн сабат, 25 феврал, кæй зæгъын æй хъæуы, уыдзæн кусгæ бон.

**("ТАСС")**

**Газетфыссынад**

## "Рæстдзинад" — 2023 азы фыццаг æмбисæн



**Дарддæр цæуы 2023 азы фыццаг æмбисæн газеттæ æмæ журналтæ рафыссыны кампани. Иннæ хæттытау, ныр дæр "Рæстдзинад"-ы иузæрдион кæсджытæ рафысдзысты сæ уарзон газет.**

**Ног азы фыццаг æмбисы фондз мæйæн "Рæстдзинад" рафыссæн ис 915 сомы æмæ 70 капеккæй. Адæмы льготон къордтæн та — 735 сомы æмæ 55 капеккæй.**

**Нæ зынаргъ газеткæсджытæ, Ирыстоны истори, ирон адæмы æгъдæуттæ, ирон æвзаг, ирон фысджыты, нывгæнджыты уацмыстæ зонын уæ кæд фæнды æмæ, нæ рæзгæ фæсивæд сæ мадæлон æвзаг уарзой æмæ йæ ахуыр кæной, уымæ кæд бæллут, уæд, уæ хорзæхæй, рафыссут газет "Рæстдзинад". Æмæ æхсæз мæйы дæргъы алы хæдзармæ дæр хæсдзæн ног хабæрттæ, зонгæ уæ кæндзæн, Ирыстон æмæ Уæрæсейы цардыцы ивддзинæдтæ цæуы, уыдонимæ, дзурдзæн уын нæ ивгъуыды, нæ абон æмæ нæ сомбоны тыххæй.**

**Алы ирон хæдзарæн дæр — газет "Рæстдзинад"!**

***Редакци***

### Дзырды фарн

*Лæгæн Хуыцау цы минуæг ралæвар кæны, уымæй фæархайы йæ амæлæты бонмæ.*

*ФÆРНИОН*

**Боныхъæд** **Республикæйы гидрометцентр** куыд хъусын кæны, афтæмæй абон, **9 февралы,** ранæй-рæтты уардзæн мит. Уæлдæфы температурæ республикæйы — **3-8 градусы уазал,** Дзæуджыхъæуы — **5-7 градусы уазал.**

**Боны дæргъ — 10,18**

**Хурыскаст** — 07,06
**Хурныгуылд** — 17,24

**Валютæйы аргъ**

**Доллар** — 71,67↑
**Евро** — 76,84↑

**12+**

Нымæцтæ

# Æфтиæгтæ æмæ хæрдзтæ

**Цæгат Ирыстоны Парламенты бюджеты, хъалонты, исбон æмæ æфстаудæттæг кусæндæтты комитеты сæрдары хæдивæг ТАУЫТТЫ Алыксандры ныхасмæ гæсгæ, ацы аз Мæздæджы районы æфтиæгты бæрц уыдзæн 1,9 миллиард сомы.**

— Хъалонты бындуры рæзтæн фадæтты арæзтад, амæй размæ номхыгъдтæм кæй нæ бахастам, хъалонты зилдухмæ хъалонæвæрынады ахæм объектты æппæты фылдæр æрбафтыд, стæй хъалонтæ æмæ æндæр фиддонты æмбырдкæнынады къæпхæн фæуæлдæр кæныны æууæл нымад сты ацы азы районы хъалонты политикæйы сæйраг стратегион нысантыл, — загъта Тауыттыфырт.

Депутаты ныхасмæ гæсгæ, фæстæмæ дæттын кæй нæ хъæуы, республикон бюджетæй æрвыст уыцы фæрæзты бæрц рауайдзæн 1,159 миллиард сомы. Ацы аз хъалонтæ æмæ æнæхъалонты æфтиæгты бæрц уыдзæн 797 милуан сомы.

— 1,959 миллиард сомы кæй бæрц у, уыцы хæрдзтæм хауынц социалон уагæй ахадгæ æмæ фыццаградон хъуыддæгтæн хъæугæ фæрæзтæ, — загъта Тауыттыфырт.

**САУТÆТЫ Тамилæ**

Санитарон цæстдард

# Æхгæд æрцыдысты

**Цæгат Ирыстоны грипп æмæ æндæр ахæм хæцгæ низтæй рынчынтæ кæй фæфылдæр сты, уымæ гæсгæ æхгæд æрцыдысты 13 ахуыргæнæндоны.**

**Уый тыххæй фехъусын кодта Ахуырады министрады пресс-службæ.**



**Уагдоны информацимæ гæсгæ, 205 скъолайæ 5 æхгæд æрцыд, 211 рæвдауæндонæй — 8, стæй скъолаты — 37 къласы æмæ сывæллæтты рæвдауæндæтты — 29 къорды.**

**ДАТИТЫ Ольгæ**

Нысантæ

# Национ проект "Экологи": уæззау æппарæццæгты фарстатæ

**РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис цы æмбырд скодта, уым рæгъмæ рахастой, Фыййагдон æмæ Мызуры æрзæтыссæн фабрикæты уæззау æппарæццæгтæ алфамбылайæн цы стыр зиан æрхастой, уый ауиварс кæныны тыххæй куырдиæтты гæххæттытæ бацæттæ кæныны фарстатæ.**

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** федералон центримæ фарста алыг кæныны тыххæй кæй баныхас кодта, уый. Ныр та хъуамæ цыбыр æмгъуыдмæ хъæугæ гæххæттытæ бацæттæ кæной, программæйы баиæгмæ иуфæстаг...

"Программæйы авналæнтæ егъау сты, республикæйы æппæт тыхстдзинæдтæ хъуамæ раздæр сбæрæг кæнæм, баиу сæ кæнæм. Уый фæстæ хæрзхъæд куырдиат бацæттæ кæнæм æмæ йæ федералон æмвæзадмæ арвитæм. Федералон центр алы фадæттæ кæны регионтæн, программæты, национ проектты нæ бон архайын у. Ис нæм лыггæнинаг фарстатæ, хъуамæ республикон æмвæзады дзæбæх бакусæм", — фæбæрæг кодта Дзанайты Барис.



Хицауады Сæрдар бафæдзæхста, национ проекты фæлгæты кусæг федералон проект "Бындурон æфснайд"-мæ Цæгат Ирыстон бахæссыны гæххæттытыл сæрæнæй бакусын. Æрдзон фæрæзтæ æмæ экологийы министр **Кокуаты Витали** куыд радзырдта, афтæмæй цæттæ кæнынц Фыййагдон æмæ Мызуры æрзæтыссæн фабрикæты гæххæттытæ. Дзæуджыхъæуы "Электроцинчы" клинкер дæр сæ рох нæу. Кокуайы-фырт ма фæбæрæг кодта, "Росприроднадзор" æмæ Лабораторон анализ æмæ техникон сбарстыты Стъарапойлаг центримæ æмгуыстад.



Дзанайты Барис æмбырды архайджыты зæрдыл æрлæууын кодта, цархайыны тыххæй æппæт хъуыддæгтæ дæр хъуамæ конд æрцæуой.

Æмбырды ма баныхас кодтой алыхуызон ахсджиаг фарстатыл, коммæ "Бындурон æфснайд"-ы программæмæ чи хауы, уыцы хæстæ бæрнон адæймæгты раз сæвæрдæуыд.

**БУТАТЫ Эльзæ**

Хъæппæрис

## Баххуысмæ цæттæ у

**Хирург Кудзаты Хъазыбег цæттæ у Дзæуджыхъæуы йæ клиникæйы Турчы зæххæнкъуысты амæттæгтæн баххуыс кæнынмæ.**

"Æз цæттæ дæн хъыгдардбаййафджыты дзæбæх кæнынмæ райсынмæ, уымæн æмæ махмæ стыр госпитæл нæй, æдæппæтæй аст палатæйы, æмæ мæм куыд цæуой, афтæ сæ дзæбæх кæндзынæн. Уым мингай, кæд дæсгай мингай не сты, чи фæмард æмæ хъыгдард баййæфта, уыдон, фæлæ мæ бон куыд уа, афтæ кæндзынæн. Уыимæ, мах ницавæр æхцатæм æнхъæлмæ кæсæм", — загъта Кудзайыфырт.

Хирурджы ныхасмæ гæсгæ, зæххæнкъуысты фæстиуджытæ вæййынц алыхуызон: сæстытæ, æлхъывды бахауын, хуылфыдзаумæтты хъыгдард æмæ афтæ дарддæр.

Кудзаты Хъазыбег йæхæдæг Туркмæ ацæуынвæнд нæ кæны, уымæн æмæ йæм æрвылбон дæр вæййы 50 консультацийы, адæм æм цæуынц дунейы алы рæттæй, æмæ сæ йæ бон ныууадзын нæу.

**Олег АПРЕЛЕВ**

## Медицинон æркастытæ, скъоладзауты фæлладуагъд

(Райдайæн 1 фарсыл)

Дзанайты Барис министры размæ сæвæрдта, ацы азы фæлладуадзæн афонмæ цæттæ кæнын райдайыны хæс. "Кæд нæм искуы тыхстдзинæдтæ ис, уæд сæ аиуварс кæнын хъæуы, сæрды æрцыдмæ ма æнхъæлмæ кæсæм. Фылдæр сывæллæттыл хъуамæ аххæссат, бынтондæр — уæззау уавæрты цæрæг сабитыл. Уæлдай æргом аздахут, æфсæддон службæгæнæг, æрсидты бахауæг, чи фæмард, уыцы адæмы цотмæ. Украинæйæ, Донецкæй æмæ Луганскæй ралидзæг сывæллæттæ дæр уæ рох ма уæнт. Инвалид сывæллæттæн фæлладуагъды уавæртæ саразут", — фæбæрæг кодта Дзанайы-фырт.

Уый ма Ахуырад æмæ наукæйы, Физкультурæ æмæ спорты министрадтæн бафæдзæхста, сæрдмæ алыхуызон профилон, тематикон радтæ бацæттæ кæнын. Уæлдай æргом аздахын хъæуы педагогтæ æмæ къордты раздзæуджыты цæттæдзинадмæ. Сывæллæтты лагерты материалон-техникон уавæртæ фæфидардæр кæныны федералон программæты архайыны фарстатыл бакусын хъæуы Уæрæсейы Фæллойы æмæ Рухсады министрадтимæ.

РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** кæй бафыста, уыцы куырдиат арвыстой Уæрæсейы Рухсады министрадмæ, хъуамæ Цæгат Ирыстон бахæссой ахуырады рæзты программæмæ, уый фæрцы сывæллæтты лагертæн цатыртæ балхæныны фадат фæзындзæн. Хицауады Сæрдар куыд бацамыдта, афтæмæй хъуамæ регионы алы фарста дæр бындуронæй æмбарой. "Алы хъуыддаг дæр домы бæстон ахаст, мах ныртæккæ дзурæм социалон рахæцæнтыл. Нæ граждæнтæ хъуамæ цæрой æххæст, хуызæнæн алывæрсыг фадæтты", — бафиппайдта Дзанайты Барис.

Æмбырды ма фæбæрæг кодтой, алы æмвæзады хицауад фæллойы къабазы цы закъонæвæрынадон акттæ, нормативон-барадон гæххæттытæ, æндæр ахсджиаг акттæ бацæттæ кæны, уыдон æвзарæг Кусæг къорды къамис саразыны тыххæй фарста дæр.

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы æмæ Хицауады пресс-службæ**

Алцыдæр — уæлахизæн

# Бузныг, Верæ!




**Донецкы Адæмон Республикæйы Хъæбатыр, интернационалон батальон "Пятнашка"-йы разамонæг, дæлбулкъон Мамиаты Оледжы (йæ фæсномыг — "Мамай") мад Верæ, "Алцыдæр — уæлахизæн!", зæгъгæ, уыцы проекты фæлгæты æрæмбырд кодта æмæ ирыстойнаг хæстонтæн арвыста хъарм уæлæдарæс, худтæ, рацитæ æмæ æндæр хъæугæ дзаумæттæ. Семæ сын сæвæрдта фыстæг: "Тынг мæ фæнды, цæмæй нæ лæппутæ сыздæхой сæрæгасæй, æнæнизæй æмæ уæлахизимæ!"**

**Мамиаты Верæйы бафæзмын у алкæй бон дæр. Æрвитынмæ кæй бацæттæ кæнат, уыдон исæм Адæмон фронты хайады мæнæ ахæм адрисыл: Дзæуджыхъæу, Димитровы уынг, 2, 401-æм кабинет.**

**БÆДТИАТЫ Оксанæ**

Фылдæр гæнæнтæ

# Цæгатирыстойнаг куыстуæттæ "Продэкспо-2023"-йы

**Мæскуыйы байгом Хойраджы продукттæ, нозт æмæ хомаджы 30-æм Æппæтадæмон равдыст.**

Цæгат Ирыстоны уагъд продукци дзы уæлдай цымыдисдзинад æвзæрын кæны. Экономикон рæзты министрады пресс-службæ куыд хъусын кæны, афтæмæй клиенттимæ ныхасы рæстæг бæлвырд бæрæг у.

Сæрмагонд стенд бацæттæ кодта бæгæныфыцæн завод "Бавари", йæ директор — **Абойты Зауыр**. Ацы хатт равдысты уыдзæн, завод цы продукци уадзы, уый хуызтæ се 'ппæт дæр, уыдонимæ — адджын дæттæ æмæ суадоны дон "Тбау", бæгæныйы алы хуызтæ.




— Снысан кодтам æлхæнджытимæ фембæлдтытæ. Равдысты фæлгæты хъуыддаджы ныхас цæудзæн хомаг æмæ æрмæджытæ цæттæгæнæг куыстуæтты минæвæрттимæ, фембæлдзыстæм нæ ныры, стæй нæ ног æлхæнджытимæ. Равдысты архайджыты базонгæ кæндзыстæм нæ продукцийы ног хуызтимæ — "Gola Linuted Edituon" "Swipe" æмæ "Родные огоньки"-имæ, — загъта Абойы-фырт.

Равдысты архайы компани "Деликат" дæр. Конкурсы æвдыст цæуы се 'хсыры продукци: æхсыр 2,5%, туаг æхсыр 2,5%, къæдор, сервелат ГОСТ.

Архайынц дзы республикæйы 6 куыстуаты: æнæххæст бæрнондзинады æхсæнадтæ "АОРС", "Биоком", "Бухардон", "Снежная королева", хи куыстуат "Кодзаты Л.Э.". Сæ экспозицитæ сын равдыстмæ бацæттæ кодта центр "Мæ бизнес".

"Продэкспо" у Уæрæсе æмæ Ныгуылæйнаг Европæйы хойраджы продуктты æмæ ноджы егъаудæр дунеон равдыст.

Ацы аз дзы архайы 2 мин компанийæ фылдæр 35 паддзахадæй. Равдыст цæудзæн 10 февралмæ.

**УЫРЫЙМÆГТЫ Фатимæ**

Барад

## Тæрхон ын кæндзысты

**Цæгат Ирыстоны Прокуратурæ 38-аздзыд беслæйнаг нæлгоймагыл арæзт уголовон хъуыддаджы зылынгæнæг хатдзæг сфидар кодта.**

Ацы адæймаджы аххосджын кæнынц Уголовон кодексы 171 статьяйы 1 хайы ("Æнæзакъонон амалиуæгады фæрцы стыр бæрцæй æфтиаг райсын"), 174.1 статьяйы 2 хайы ("Фыдракæнды фæрцы ист æхцатæ закъонontæй равдисын") æмæ 228 статьяйы 2 хайы ("Стыр бæрцæй наркотиктæ æнæзакъонæй балхæнын æмæ сæ дарын") амынд фыдракæндтæ саразынæй.

Слестгæнджыты ныхасмæ гæсгæ, фыдракæнд саразынæй кæй зылын кæнынц, уыцы адæймаг æндæр азы декабрæй фароны майы онг, коммерцион кусæндоны сæргъы лæугæйæ, тæнгъæд æвзалыдонгуыр газ дардта æмæ йæ уæй кодта (афтæмæй, тæссагдзинады 1, 2 æмæ 3 къорды куыстадон объекттæй пайда кæныны бар чи дæтты, кусæндонмæ ахæм лицензи нæ уыд).



Фыдракæнд саразынæй кæй аххосджын кæнынц, уыцы нæлгоймаг æнæзакъон амалиуæгады фæрцы райста 2,4 милуан сомæй фылдæр æфтиаг. Ацы æхцатæ закъононтæй равдисынæн закъонхалæг адæймаг æлхæд артаджы аргъ бафыста.

Уымæй уæлдай, фыдракæнд саразынæй кæй зылын кæнынц, уыцы адæймагмæ ссардтой æнæзакъонæй æлхæд 1,46 граммы бæрц синтетикон наркотик.

Уголовон хъуыддаг барвыстой Рахизфарсы районы тæрхондонмæ бæстон ыл æрныхас кæнынмæ.

**РЦИ-Аланийы Прокуратурæйы пресс-службæ**

Фыссынц "Рæстдзинад"-мæ

# Æз дæр зæгъын мæ хъуыды

Цыппурсы мæйы газет "Иры Стыр Ныхас"-ы куы бакастæн æрмæг: "Кад æви æгад?", уæд бирæ фæсагъæс кодтон, фæхъуыды кодтон, цымæ цы уыдзæн нæ фидæн, зæгъгæ. Æмæ та ногæй, æртхъирæны мæйы фыццаг боны газет "Рæстдзинад"-ы фарсыл куы бакастæн Хæмыцаты Раманы уацхъуыд: "Фæдисы хъæр", уæд та мæн дæр бафæндыд мæ хъуыдытæ зæгъын. Æз дæн ацæргæ сылгоймаг, никуы кæсын куыдфæндыйы цæстæй нæ мадæлон æвзаг æмæ нæ рæсугъд æгъдæутты хъысмæтмæ.

Фыццаджыдæр, Раманæн зæгъын бузныг, йæ хъуыдытæ æргомæй кæй зæгъы, уый тыххæй. А фæстаг рæстæг нæ рæсугъд æгъдæуттæ æгъуыз кæнын кæй райдыдтой, ууыл зæрдиагæй сагъæс кæны Раман дæр. Раст сты йæ фиппаинæгтæ, иу дæр дзы аппаринаг нæу. Кæд æмæ нæ фынгæвæрдты хистæрты, бæлвырдгæнджыты æххуырсын райдыдтам, уæд ма ирон адæм стæм?! Æмæ, ай-гъай, хъæуы фæдис хъæр кæнын.

Фыдæлты фарн æмæ æгъдæуттæ нæ царды уидæгтæ сты. Нæ ирон царды æгъдæуттæ кæддæриддæр фæлтæрæй-фæлтæрмæ рæсугъдæй лæвæрд цыдысты. Уый, æмæ хуымæтæгдзинад, ома, удыхъæдæй рæсугъд, цæстуарзон, сыгъдæгзæрдæ уæвын нымад цыдысты адæймаджы хуыздæр миниуджытыл. Фæлæ, хъыгагæн, абон æппæт уыдæттæ ивд æрцыдысты мулкæй, æхцайæ. Æхца нын æгъдау дæр сси æмæ уаг дæр. Æмæ, ай-гъай, фæцудыдтой нæ æрдхæрæны æгъдæуттæ. Нал сты сæ уагыл. Ууыл бæргæ бирæ дзырд цæуы. Нæ ирон æгъдæуттæ бахъахъхъæныны фæдыл "Иры Стыр Ныхас"-ы уæнгтæ цы ахсджиаг æмæ ахадгæ мадзæлттæ аразынц, уый дæр кæуылты у! Фæлæ нæ иуæй-иутæм уыдæттæ нымады не сты. Цардмæ кæсынц æрмæстдæр æхцайы цæстæй. Æхца самал кæнын у сæ сæйрагдæр мæт.

Куыд ис Иры зæххыл уымæн уæвæн, æмæ ирон лæг цины æмæ зианы рæстæг йæ лæггæдты тыххæй æхца иса?! Æз ныр мæ азты бæрзæндæй фæлгæсын, фæлæ ахæм диссаг, растдæр зæгъгæйæ та, ахæм худинагдзинад, æгаддзинад хъусгæ дæр никуыма фæкодтон. О, цард куыд размæ цæуы, афтæ дзы хуыздæрæрдæм ивддзинæдтæ дæр хъуамæ цæуа. Фæлæ нæ рæсугъд æгъдæуттæн сæ мидис хъуамæ хæлд ма цæуа. Бындуронæй ивд æрцæуа æгъдау, фынджы æгъдæуттæ нын "æлхæнгæ" адæймæгтæ кæной, æгъдау æхцайыл ивд цæуа, уый бар нын нæ дæтты нæ куырыхон фыдæлты фарн. Ирон æгъдау уæззау уаргъ у! Фæлæ, йæхи ирон чи хоны, уый йæ хъуамæ хæссын дæр фæраза.

Кæм ис уыцы "хорз" лæгтæн (æхцайыл лæггадгæнджытæн) сæ ирон сæрыстырдзинад? Хуыцау адæймаджы цы курдиатæй фæхайджын кæны, уый йын йæ алыварс адæмимæ иумæйаг хъуамæ уа. Æппынфæстаг, йæ арæхстдзинад уæй кæнын ирон лæгæн сæрмæхæссиныг нæу! Тæссаг у, ацы ногдзинад дæр та нæ ирон царды ахсджиаг бынат куы бацахса, уымæй. Мæнæ цины лæггадгæнæг, зианы фыдæбонгæнæг кæстæртæ æххуырсыны фæтк сабыргай куыд парахат кæны,



Ахсджиаг фарста

Фæдисы хъæр

ТУГЪАНТЫ Махарбеджы конд ныв "Адæмон тæрхон"

афтæ та нын нæ фынджы æгъдæуы хистæртæ, нæ чындзæхсæвты æмдзуарджын æмæ къухылхæцæджы хæстæ æххæстгæнджытæ дæр уыдзысты æцæгæлон "æлхæд" адæймæгтæ. Хуыцау нæ уымæй бахизæд!..

Мæ уд сæ фæхъхъау нæ цæрдæг кæстæртæн. Хатын сæм никуы фæхъæуы, алчидæр сæ йæ хæстæ фæзоны æмæ зæрдиаг архайд фæкæны. Фæлæ нæм уæддæр разыны ахæм бинонтæ, кæцытæ фæдзурынц æххуырст кæстæриуæггæнджытæм. Уый æз нымайын тынг æнæраст хъуыддагыл, уæлдайдæр та зианы рæстæг. Райсомæй раджы æнæзивæгæй куы 'рбамбырд вæййынц кæстæртæ зианджынты кæртмæ бафыдæбон кæныны охыл, уæд сæ цæмæн аиуварс кæнынц. Цымæ сæ цæмæн ныхкъуырд кæнæм?

Ирон адæммæ рагæй-æрæгмæ æгъдау домы кæрæдзимæ æнгом лæууын, бахъуаджы сахат кæрæдзийæн æххуыс кæнын. Уæд ма, цымæ, цæмæн хъæуы не 'гъдæуттæм ахæм "æлхæнгæ" ивддзинæдтæ хæссын? Æз афтæ хъуыды кæнын, æмæ, кæстæриуæггæнджыты æххуырсгæ чи кæны, уæлдайдæр та зианы рæстæг, уыдонмæ нæдæр цæуын хъæуы, нæдæр сабæттаг дæттын. Афæдзæйафæдзмæ зианы кæндтытæ бирæ сты, æмæ зианджынæн баххуыс кæныны охыл лæвæрд цæуынц сабæттæгтæ дæр. Фæлæ хъæубæсты кæстæрты чи аиуварс кæны æмæ фыдæбонгæнæг кæстæрты æмæ табæты раз радзурæг хистæрты чи баххуырсы, уыдонмæ, æвæццæгæн, бирæ æхца ис æмæ алцæуылдæр аххæсдзысты сæхæдæг. Арæх фехъусæн вæййы, зæгъгæ, дам, горæтты кæстæриуæггæнджытæ кадавар сты. Ау, æмæ цалынмæ æлхæнгæ адæймæгты (хистæрты æмæ кæстæриуæггæнджыты) офистæ нæ фæзындысты Дзæуджыхъæуы, уæдмæ-иу зианы æгъдæуттæ æнæкондæй баззадысты? Уæд-иу алцыдæр биноныг конд куыд æрцыд?

Раст мæм нæ кæсы, не 'гъдæуттæ бахæр, бануазынил ивд кæй æрцыдысты, уый. Нæ фыдæлтæ алы къахдзæф дæр æгъдауыл куы кодтой, уæд уыцы рæсугъддзинæдтæ æгъуыз кæнын мах цæмæн уадзæм?

Уæлдæр ма йæ куы загътон, нæ абоны куырыхон хистæртæ, "Иры Стыр Ныхас"-ы уæнгтæ удуæлдай архайд кæнынц, цæмæй фыдæлтæй ныууадзгæ хæзнатæ, не 'гъдæуттæ сæ гаччы сбадой. Иудадзыг архайынц ирон адæмы иудзинадыл. Уæдæ нын ирон бæрæгбæтты къæлиндар дæр саразынц. Æнцон нæу ахæм къæлиндар саразын, фæлæ йыл зæрдиагæй бакусынц æмæ нын æй балæвар кæнынц. Фæлæ сын бузныг зæгъыны бæсты, ирон бæрæгбæттæ, кæй куыд фæнды, афтæ кæнынц. Уыдон, дам, раст не сты, махмæ, дам, æй афтæ нæ кодтой. Кæд нын фыдæлтæй баззад хистæрмæ хъусын, хистæрæн аргъ кæнын, уæд цымæ цæуылнæ хъусæм не 'взæрст зондамонджытæм? Цæуылнæ кæнæм нæ бæрæгбæттæ дæр æмæ зианы кæндтытæ дæр, къæлиндары куыд амынд цæуынц, уыцы бонты?

Æз стыр аргъгæнæг дæн нæ куырыхон хистæртæн — "Иры Стыр Ныхас"-ы уæнгтæн æмæ сын зæгъын стыр бузныг. Мæ зæрдæ сын зæгъы фидар æнæниздзинад æмæ æнтыстдзинæдтæ сæ зын, фæлæ æнæмæнгхъæугæ куысты. Бирæ азты дæргъы ма Иры дзыллæты сæ куырыхон зондæй хайджын куыд кæной, не 'гъдæутты цы æнаив ногдзинæдтæ фæзынд, уыдон аиуварс кæнын дæр сæ къухы куыд бафта, ахæм арфæ Дунейы фарн ракæнæд!

**ФÆРНИАТЫ Рая, педагогон фæллойы ветеран, Уæллаг Фыййагдоны цæрæг**

## Спортивон фидиуæг



### Волейбол

# Ерыстæ Ирыстоны Сæргълæуууæджы Кубок рамбулыныл

**Ацы бонты Дзæуджыхъæу æмæ Æрхонкæйы волейболæй цæуынц РЦИ-Аланийы Сæргълæууæджы Кубок рамбулыныл ерыстæ æрыгон лæппутæ æмæ чызджыты 'хсæн.**



Хъазынц Алагир æмæ Дзæуджыхъæуы командæтæ

Ерысты фыццаг хайы хъæзтытæ цыдысты нæ республикæйы районтæ æмæ Дзæуджыхъæуы æрыгæтты (16 азы онг) 'хсæн. Уым фыццаг бынæттæ бацахсæг командæтæ рацыдысты ерысты финалмæ.

Турниры хъазæг командæтæ дихгонд сты дыгай дæлкъордтыл. Уыдоны 'хсæн 1-аг æмæ 2-аг бынæттæ чи бацахса, уыцы командæтæ æрдæгкæронбæттæны сбæрæг кæндзысты, финалы 1-аг бынатыл чи тох кæндзæн, уыцы дыууæ хуыздæр командæйы.

Чызджыты дæс командæйы ерыстæ цæуынц Дзæуджыхъæуы Цоколаты Геннадийы номыл уынджы, 23 а бæстыхайы цы Спортивон-цæттæгæнæн центр ис, уым.

7 февралы ам фæйнæ дыууæ хъазты акодтой дæлкъорд "А"-йы фондз командæйы. Чызджыты архайд рауад зæрдæмæдзæугæ. Æхсызгон уыд, нæ республикæйы волейболæй арæхстджын архайд чи кæны, ахæм чызджытæ бирæ кæй ис, уый фенын.

Фыццаг боны хъæзтытæ ахицæн сты ахæм хыгъдтимæ: Æрыдон-Алагир — 0:2, Алагир-Дзæуджыхъæу (Лицей) — 1:2, Октябрыхъæу-Зилгæ — 2:0, Дзæуджыхъæу (Лицей) — Октябрыхъæу — 0:2, Æрыдон-Зилгæ — 0:2.

Уыцы бон Æрхонкæйы станицæйы лæппуты дæлкъорд "А"-йы хъæзтытæ дæр рауадысты цымыдисаг æмæ ахицæн сты ахæм хыгъдтимæ: Змейкæ-Æрхонкæ — 2:0, Фарн-Цыкола — 0:2, Рæмоново-Змейкæ — 0:2, Æрхонкæ-Фарн — 2:0, Рæмоново-Цыкола — 0:2.

Дæлкъордтæ "Б"-йы чызджытæ æмæ лæппутæ сæ фыццаг дыууæ хъазты акæндзысты 9 февралы. Уый фæстæ дыууæ дæлкъорды чызджытæ æмæ лæппутæ сæ иннæ дыгай хъæзтытæ акæндзысты 10 февралы (дæлкъорд "А"-йы чызджытæ æмæ лæппутæ), 11 февралы та — дæлкъорд "Б"-йы командæтæ.

12 февралы бæрæггонд æрцæуыдзысты 1-3-аг бынæттæ бацахсæг командæтæ.

**БАСКАТЫ Уырызмæг**

## Коммуналон лæггæдтæ

# Лæвар электрон тых нæма и, нæма...

**"Россети Цæгат Кавказ" æмæ тæрхоны пъырыстыфтæ райстой 68 милуаны æмæ 200 мин сомы муниципалон унитарон куыстуат "Владсток"-æй, цы электрон тыхæй спайда кодта, уыцы хæрдзты хыгъдмæ. Уымæй уæлдай ма дзы куыст цæуы ноджы 13,8 милуан сомы райсыны тыххæй.**

"Владсток" у, Дзæуджыхъæу донæй æфсадыны æмæ йæ хæдзæрттæм уадзыны хабæрттæ кæмæ хауынц, уыцы коммуналон куыстуæтты сæйрагдæртæй сæ иу. Ацы куыстуаты иумæйаг хæс хардзгонд электрон тыхыл 2023 азы 1 январмæ хæццæ кæны 230 милуан соммæ.

Ахæм хуызы хæстæ æрцагурынц, тæрхондоны уынаффæ æхца бафидыны тыххæй афоныл æххæстгонд куы не 'рцæуы, уæд. Уагæвæрдмæ гæсгæ, тæрхоны пъырыстыфтæн сæ бон у хæсджынæй æхцайы фæрæзтæ байсын банчы, кæнæ сын, кассæйы чи ис, уыцы æхцайæ, кæнæ та куыстуаты исбон бауромын. Вæййы афтæ дæр, æмæ карзæй дзуапп æрдомынц, дæргъвæтин рæстæг хæстæ чи нæ бафиды, уыцы куыстуаты разамонæгæй дæр.

Ахæм мадзæлттæн сæ сæйраг нысан у, электрон тыхæй чи пайда кæны, уыдоны сахуыр кæнын хæстæ афоныл фидын æмæ иннæ фæлхасгæнджыты æнæкъуылымпыйæ электрон тыхæй æфсадын.

**Компани "Цæгкавказэнерго"-йы пресс-службæ**

## Уæллаг Ларс

# Хохаг фæндæгтæ сты æхгæд

**Рæстæг æгæр уазал кæй хæссы, уымæ гæсгæ Дайраны комы фæндагыл Уæллаг Ларсы скуыстой, бæлццæттæ сæхи кæм схъарм кæной, ахæм бынæттæ.**





Хуссар Ирыстоны Ручъы æфцæджы фæндагыл дæр Уæрæсейы Æнæнхъæлæджы цауты министрады ирвæзынгæнджытæ байгом кодтой ахæм бынæттæ.

Ныртæккæ ацы дыууæ фæндаджы дæр сты æхгæд, хæдтулгæтæ цæуынц æрмæст Тбилисийæ Гудауримæ. Зæйтæ рацæуынæй тæссаг у 8 февралы изæрмæ.

Контролон-уадзæн бынæтты кусынц Уæрæсейы Æнæнхъæлæджы цауты министрады сæйраг Цæгат Ирыстоны управленийы психологтæ дæр.

**ХÆМЫЦАТЫ Морис**

## Арфæйаг хъæппæрис

# Хæсты сывæллæттæн...

**"Фыдыбæстæйы Стыр хæсты сывæллæтты" æхсæнадон фонд 2012 азы сфидар кодта майдан "Хæсты сывæллæттæ". Уый паддзахадон хæрзиуæг нæу. Тугкалæн азты сæ ныййарджытæ знаджы ныхмæ кæмæн тох кодтой, уыцы зын рæстæджы чи райгуырд æмæ уæззау уавæрты чи хъомыл кодта, уыдоны æрхъуыды кæнынæн.**

Лалыты Лев Дзæуджыхъæуы Ветеранты советы æмæ йæхи номæй арфæ ракодта Уырызмæгæн, æмæ йын газет "Рæстдзинад"-ы редакцийы кадджын уавæры йæ риуыл



бакодта майдан. Уырызмæг бузныг загъта Ветеранты совет æмæ йæ сæрдар Лалыты Левæн.

— Райсом нæ кæстæртæн хъуамæ уа æвдисæнтæ, хæсты рæстæджы сывæллæттæ куыд цардысты æмæ, цы уавæрты хъомыл кодтой, уый. Нæ фæсивæд, æнæмæнгæй, хъуамæ зоной æмæ сæ зæрдыл дарой уыцы карз Фыдыбæстæйы Стыр хæсты хабæрттæ. Хъæуы сæ "Хæсты сывæллæтты" адæмимæ зонгæ кæнын. **Хозиты Барисы** руаджы базыдтам, **Баскаты Уырызмæг** дæр уыцы фæлтæрмæ кæй хауы, уый. Ныййарджыты фыдæбон ницæмæй, ницавæр майданæй ис баивæн, фæлæ, хæсты æмæ уый фæстæйы азты сывæллæттæ цы фыдæбæттæ æвзæрстой, уыдонæн рохгæнæн нæй, — загъта Дзæуджыхъæуы Ветеранты советы сæрдар **Лалыты Лев**.

Кино æмæ театры артист, газет "Рæстдзинад"-ы спортивон журналист Баскаты Уырызмæг хорзæхджынгонд æрцыд майдан "Хæсты сывæллæттæ"-йæ. Уырызмæг райгуырд Æрыдоны 1943 азы.

Ныртæккæ районты дæр агурынц ахæм адæмы, хæсты цæхæры чи райгуырд, сæ ныййарджытæ хæсты быдыры хъæбатырдзинад кæмæн равдыстой æмæ сæ хайджын кæнынц ацы майдан "Хæсты сывæллæттæ"-йæ. Хорзæхджынгонд æрцыдысты бирæ цæрджытæ. Баскаты Уырызмæг у номхыгъды 201-æм адæймаг.

**ЦÆГÆРАТЫ Эльмирæ**

## Цæстдард

# Æнæзакъон быронд он

**"Россельхознадзор"-ы Цæгат Кавказы регионты иумæйаг управлени Цæгат Ирыстоны Рахизфарсы районы Цæлыккæй ныгуылæнырдæм хъæуунхæдзарадон нысаниуæджы зæххытыл миты бын ссардта егъау æнæзакъон быронд он.**

**Бырæтты 'хсæн разындысты агуыридуры сæстытæ, шифер æмæ бетоны пырхæнтæ, полиэтиленон æмæ гæххæттын дзæкъултæ, бæлæсты лыггæгтæ æмæ æндæртæ. Хъыгдардбаййафæг зæххы иумæйаг фæзуат у 9100 квадратон метры. Амынд зæххы хай кæмæ хауы, "Россельхознадзор"-ы управлени Цæгат Ирыстоны Паддзахадон исбон æмæ зæххы ахастдзинæдты уыцы министрадæн бафæдзæхста закъонæвæрынады домæнтæ æнæмæнг æххæст кæнын.**

**Олег АПРЕЛЕВ**

## Барадон фæтк

# Арендон хæдтулгæтæ ауæй кодта

**Дзæуджыхъæуы цæрæг нæлгоймаг цæстфæливæн митæ кæй бакодта, уый тыххæй йын пъæлицæйæгтæ йæ ныхмæ саразтой уголовон хъуыддаг.**

Слестгæнджытæ куыд раиртæстой, афтæмæй йæ рæстæджы гуырысхойаг арендæйы райста рог хæдтулгæтæ — дыууæ "Гранта" æмæ иу "Нива".





Фыццаг рæстæг нæлгоймаг арендон фиддонтæ афойнадыл кодта, фæлæ фæстæдæр æрбайсæфт. Уæд хæдтулгæты хицау пъæлицæмæ фæхабар кодта. Хъыгдардбаййафæджы хъусынгæнинагмæ гæсгæ, йæ сæфт исбонады аргъ у 3 милуан сомæй фылдæр. Оперативон кусджытæ цыбыр рæстæгмæ аххосджыны ссардтой. Лæгæй дзуапп куы æрдомдтой, уæд басаст, хæдтулгæтæ сыхаг регионтæй иумæ кæй ауæй кодта, ууыл. Ныр пъæлицæйæгтæ давд хæдтулгæтæ агурынц. Гуырысхойагæн тæссаг у ахæстоны 10 азы онг фæбадынæй.

# Наркотикты зилдухы тыххæй

**Наркотиктæ Дзæуджыхъæуы æнæзакъонæй ауæй кæнынмæ чи хъавыд, пъæлицæйы кусджытæ ахæм 30-аздзыд цæгатирыстойнаг нæлгоймаджы баурæдтой.**

Гуырысхойаг адæймагмæ баджигул кæнгæйæ, барадхъахъхъæнджытæ йæм ссардтой урс ссадæгимæ тыхтонтæ (экспертизæ куыд равдыста, афтæмæй тыхтонты мидæг разынæг наркотикон фæрæз героинæй саразæн уыд 60 иухаттон дозæйы). Куыд рабæрæг, афтæмæй закъонхалæг адæймаг наркотиктæ иста телефонæй йæм æрвыст бæрæггæнæнты амынд сусæг æвæрæнтæй.

Слестгæнæг ахæстоны кæй бамидæг кодтой, уыцы гуырысхойаг адæймагыл сарæзтой уголовон хъуыддаг.

**РЦИ-Аланийы Мидхъуыддæгты министрады пресс-службæ**

## Чингуыты тæрхæгыл

# Йæ ном — æнусон

**Уырыссаг æвзагмæ тæлмацгондæй рацыдис, Цæгат Ирыстоны адæмон фыссæг Дауыраты Дамиры чиныг Советон Цæдисы фыццаг Хъæбатыр Милдзыхты Хадзымырзæйы сгуыхтдзинадыл 80 азы кæй сæххæст, уый кадæн чиныг "Милдзыхты урс Бæрзытæ".**

Елхотаг сæрæнгуырд Милдзыхты Хадзымырзæ ирæттæй уыдис фыццаг, Сталин йе сгуыхтдзинады тыххæй Советон Цæдисы Хъæбатыры ном кæмæн радта. Уый уыдис 1942 азы 16 мартъийы.

Фæстæдæр 1941 азы Советон Цæдисы Хъæбатыры нæмттæ райстой нæ 11 æмзæххоны, 11 та — 1945 азы. Плиты Иссæ ссис Советон Цæдисы дыууæ хатты Хъæбатыр.

Мах сæрыстыр стæм се 'ппæтæй дæр абон дæр, фæлæ нæ фыццаг Хъæбатырæй стæм уæлдай сæрбæрзонд. Урс бæрзыты рухсæй рухс у æнæхъæн Уæрæсе дæр. Æмæ абон уыцы рухсæй рухс кæнынц нæ зæрдæтæ дæр.

Ацы чиныджы Дауыраты Дамир дзуры Хъæбатырæн йæхи дзыхæй Фыдыбæстæйы знæгтимæ йæ уыцы æрдхæрæны тохы, стæй йæ фæсхæсты царды тыххæй.

1942 азы Илья Эренбург фыста: "150 немыцаджы ныццагъта сæрыстыр Ирыстоны фырт Милдзыхты Хадзымырзæ. Нæ бæстæйы цавæр чызг ын нæ зæгъдзæн бузныг. Капитан Хъазийы-фырт немыцы цавта 1915 азы Варшавæйы бынмæ, 1918 азы та — Режицæйы цур. Ныр дæр та — ирон ногæй цæвы немыцæгты. Йæ нæмгуытæ цæуынц йæ зæрдæйы рæбынæй, æмæ нæ фæкъуыхцы, нæ фæмела





уыдзæн. Уый зæгъы: "Райгуырæн бæстæйæн тæссаг рæстæджы, ирон — йæ саргъыл".

1951 азы 9 майы Дзæуджыхъæуы уыдис фæллойгæнджыты митинг. Мæнæ скъуыддзаг Цæгат Ирыстоны партийы обкомы фыццаг нымæрдар Хъулаты Хъуыбадыйы раныхасæй:

...1942 азы рагуалдзæджы Мæскуыйы радио куы фехъусын кодта Милдзыхты Хадзымырзæйæн йæ хæстон сгуыхтдзинады Советон Цæдисы Хъæбатыры ном лæвæрд æрцыд, уæд уый ирон адæмæн уыдис тæккæ цинагдæр хъусынгæнинаг. Æз мæхæдæг никуы гуырысхо кодтон Нарты фæдонты лæгдзинадыл, фæлæ уæд бынтондæр бауууæндыдтæн: фронты нырма бирæ хъæйтартæ ис Хадзымырзæйы хуызæн. Æмæ, æз кæй нæ фæрæдыдтæн, ууыл уæхæдæг бауууæндыдыстут, Хадзымырзæ ам ис, залы. Адæмæн ма дæхи равдис, Хадзымырзæ! (тыхджын къухæмдзæгъд).

Амæй фæстæмæ махæн бар нæй нæ фыццаг Хъæбатыры ферох кæнынæн. Мах партион æмæ советон кусджытæ, уæлдайдæр мыхуыры кусджытæ, нæ куырыхон хистæртæ, хъуамæ рæзгæ фæлтæры ахуыр кæнæм Фыдыбæстæмæ, Ирыстонмæ уарзондзинадыл, елхотаг лæппуйы дæнцæгмæ гæсгæ (тыхджын æмæ дæргъвæтин къухæмдзæгъд).

Бирæ фыдтухитæ бавзæрста Милдзыхты Хадзымырзæ хæсты рæстæджы, йæ судзгæ хъæдгæмттæ дзæбæхгæнгæйæ, фæлæ йын уыдæттæ — уæйыджы хъуыны мæлдзыг. Уæлдай карздæр хъыцъыдæттæ йын бануазын кодтой хæсты фæстæйы рæстæджы иуæй-иу хицæутты æнæраст хъуыддæгтæ, уæлдайдæр, Одинцов Ирыстоны "æлдар" куы ссис, уæд. Мæнæ цы зæгъы Хадзымырзæ Одинцовы тыххæй: "Одинцов нæм куы 'рцыд, уæд нæ Хъæбатыртæ никæйуал хъуыдысты, уæлдайдæр нæхи. Уый-иу æндæр кæйдæрты хъайтарты æрбакодта æмæ-иу сын уайтагъд машинæтæ æмæ фатертæ радта. Бæрæгбоны æмбырдты рæстæджыиу уыдон бадтысты йемæ президиумты. Хаттæйхатт-иу се 'хсæн уыдис Тогуызты Хъауырбег.

Хæстон намысыл дзургæйæ-иу, æрмæст дæнцæгæн хаста уыдон, æрцæуджыты. Мæ дæндæгты къæс-къæс-иу æм фырмæстæй цыдис, зæгъæм, Ходы-фырты кæнæ Цоколайы-фырты кой цæуылнæ кæны, цæуылнæ скæны Гагкайты Алиханы, Мамсыраты Хаджумары, Дзусты Ибрагимы кой, зæгъгæ.

Æппæт уыдæттæ æмæ ма æндæр æнæраст хъуыддæгты Хадзымырзæ зæрдæрисгæйæ фæдзырдта Дауыраты Дамирæн, æмæ дзы рауад ирд хъайтары æмæ стыр адæймаджы фæлгонц.

Фæлæ нæу рох йæ адæмæй номдзыд Хъæбатыр. Амардис 1998 азы æмæ ныгæд æрцыд кадимæ Дзæуджыхъæуы Намысы Аллейы. Йæ ном хæссы Елхотты уынгтæй-иу, кæм ахуыр кодта, уыцы скъолайы кæрты æвæрд æрцыд йæ бронзæ бюст, стæй районы администрацийы хæдзары раз дæр. Йæ ном хæссы Дзæуджыхъæуы 15-æм скъола дæр.

**АБАЙТЫ Эдуард**

## РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ





**Тæбæхсæуты Балойы номыл паддзахадон Ирон академион театр**

уæ хоны йæ спектаклмæ

***18 февралы***

***"Къарол Лир" 14 +***

*Уильям Шекспиры трагедимæ гæсгæ*

*Режиссер-æвæрæг — РЦИ-Алани æмæ Кæсæг-Балхъары республикæйы сгуыхт артист —* ***Уалыты Гиви.***

*Сценариты нывгæнæг —* ***Уалыты Ларисæ***

*Уæлæдарæсы аивгæнæг —* ***Каринæ Автандилова***

*Музыкалон фæлгонц —* ***Ольгæ Шайдулина***

*Райдайæн 18.00 сахатыл.*

Билеттæ балхæнæн ис театры кассæйы.

**Уæ фарстытимæ бадзурæн ис ахæм телефонæй: 55-14-68.**

*Ист цæуынц коллективон куырдиæттæ.*

*Зал ифтонг у тæлмацгæнæн аппаратурæйæ.*

**ХЪУСЫНГÆНИНАГ**

**Хъолайы цъитийы бæллæхы зиан байиафæг бинонтæн арæзт æрцыд æххуыс кæныны фонд.**

**17 февралы, 18 сахатыл комитеты уæнгтæн уыдзæн иумæйаг æмбырд ахæм адрисыл: Интернационалон уынг 93-æм æхсæнадон хæдзар. Алкæмæ дæр хъуамæ уа паспорт.**

**Уæ фарстытимæ бадзурæн ис тел.: 8-919-423-43-20.**

**Продаю просеянную муку из мытой кукурузы.**
**Цена — 100 руб. кг.**
**Доставка по республике — бесплатно.**
**Тел.:**
**8-918-721-59-37.**

Номыры радхæссæг редактор — **Касаты Батрадз.**
Рауагъды редактор — **Гæззаты Фатимæ.**
**Дизайн:** 1-аг фарсæн — **Рубайты Нелли;**
2-аг фарсæн — **Халиты Изæ;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Гуыцмæзты Заринæ.**
**Корректортæ:** 1-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
2-аг фарсæн — **Фæрниаты Мæдинæ;**
3-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
4-æм фарсæн — **Кæлухты Фатимæ.**

**"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты**

**Газет уадзынц: РЦИ-Аланийы Парламент, РЦИ-Аланийы Хицауад, паддзахадон бюджетон кусæндон "Республикон адæмон газет "Рæстдзинад"-ы редакци"**

**Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникациты къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2012 азы 30 мартъийы (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00063)**

**Сæйраг редактор ХОЗИТЫ Барис**

**Сæйраг редакторы исæн уат — 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивджытæ: **Бутаты Эльзæ — 25-63-19, Сланты Аслан — 25-94-37.** Бæрнон нымæрдар: **Саутæты Тамилæ — 25-93-68.** Шеф-редакторæ: **Касаты Батрадз — 25-93-74, Абайты Эдуард — 25-99-33.** Рауагъды редакторæ: **Баскаты Эльзæ, Гæззаты Фатимæ — 25-91-89.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ — 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Гасанты Валери — 25-96-50, Баскаты Уырызмæг — 25-96-31, Гугкаты Жаннæ — 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ — 25-94-57, Хъойбайты Галинæ — 25-90-54, Гобозты Агуындæ, Цæгæраты Эльмирæ — 25-96-16.** Къамисæг: **Хъайырты Дианæ — 25-91-88.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ — 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ — 25-67-03.** Корректортæ — **25-93-36,** компьютерон цех — **25-93-97.**

✓ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ æнæмæнг бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
✓ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ ныв тæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
✓ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрнондзинад хæссынц сæ автортæ.
✓ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрнондзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис:
362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11.
Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр
1.88 мыхуырон сыфы.
Газет цæуы къуыри фондз хатты.
Индекс 53901. Тираж 3441.
Заказ № 139.
Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа — 18.00.
Мыхуырмæ фыст æрцыд — 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**